MUSTIKA PURAGA JATI SUNDA

"Ngama'naan falsafah sarta ajén-inajén
kamanusaan Sunda dina
nata diri, nata raga keur hahirupan"

Sanggian:
Ki Laras Maya

"BUBUKA ANJINING RASA"

Ki Laras Maya Poerba Sasaka

Niat kuring aji-ning rasa.
Rasa goib titipan nu Maha Tunggal.
Tunggal sarasa , tunggal sa-pangawasa,
Jalan nu rahayu mapag alam kabagjaan,
Eunteungeun diri pribadi.
Basa mah gambaran rasa. Budi mah gambaran ati.
Ngancik'na raga salira.
Dina batin anu sidik, anutara daek nga-bohong, jeung di bohongan.
Jaga diri ati-ati. Pinasti hirup taliti
Dumugi mapagna pati.
Hirup pasti, ku cageur na, ku bageur'na ku bener'na.
Sing taat ka pamarentah.
Repeh rapih, beres roes, tur akur reujeung sasama.
Mahluk nu sugih hartina, beunghar harta, salamet hirup kumbuhna.
Amjalu papadang ati.
Awaking bujang ka sakti.
Bisa maca bisa ngaji.
Ngajina na tungtung ati.
Macana na tungtung rasa.
Nu hurung dina jajantung.
Nu herangna, di kalilipa.
Hurung tanding dammar hurung.
Siang tanding dammar herang.
Anu hurungna, kurungan.
ANu herang, eusi rasa.
Kadi bulan, kadi sarangéngé ngahing medal.
Remet ménténg dina angen.
Anu ngilo dina tikoro.
Nu ngintip dina lalangit.
Buka ini buka rohani.

Buka sintung, bukakeun gedongan ati.
Pang mukakeun cahaya ti anu maha kawasa.
Supaya kapanggih bukti.

Nu puguh diri sajati.
Kudu nyata ceuk tuduhna.
Bray cahaya, bray cahaya.
Cahaya anu kawasa.

Ka anu nyepeng dinten tujuh dawuh lima.
Pager duawelas.
Kasaderek anu opat, kalimia pancer salira.
Ka saderek anu medal,
Ka sederek nu teu medal.
Ti putra anu medal.
Ti putra anu teu medal.
Guru lahir, guru batin.
ti guru sidik. Ti guru permana.
Ti nu ngukur tangtung,
Ti nu kagungan rahayu.
Ti nu kagungan darajat.
Ti anu ngandung.
Ti anu ngayuga.
Ti luhur anu mayungan.
Ka handap anu nganparan.
Ti gigir anu ngajaring.
Ti tukang anu ngagiring.
Ti hareup anu nampian.

Aki sakti, Nini sakti. Nu nunggu di birit leuit.
Ibu ratu, Rama Agung. Nu ngaping geusan nyalindung.
Nu calik Di pasir layung. Nu geulis putri rengganis.
Nu ngancik di pasir panggung. Nu kasep kang Kamajaya

Gunung purba, panungkeban Para-Hu-na

Nu nyalungkran pasir asih, nu ngabinih.
Pa-gelaran alam kandung asih indung.
Pa- ngawit-an pangrungruman tuturunan.

Bukti Tunggul,
Nya muga, tunggul anu ngarahayu, ti sunan ambu.
Nya muga, tangkal anu ngadarajat, ti sunan rama.
Turun pulung ka Galuh agung.
Galuh geusan di nyalindung.
Mangsa di bentaran gelap
Gunung gelap reureuh mijah,
Ku aji ning halimunan,
Di sieuman ku handeuleum.
Di caangan ku hanjuang.
Meleberna pulo sari, ning mangari.
Pangrungruman menak ti gunung haruman.
Gunung geulis, ci ibun anu ngareumis,
Papandayan, ngukir tangtung ku tulisan.

Ka para Hyang nu suci.
Nu mancer cahyaning Gusti.

Nu Murba, anu wisesa.
Nu Agung anu maha'na.

Anu kersa anu karsa.
Nu ngersakeun nu ngarsakeun.

Tabé Pun ahung nya ahung.
Amit sun hampura ingsun.

Nya paralun, seja ulun
Kapara luluhung agung.
Nu ka agungan ku pangagung.

Nu ngadeg di uwung-uwung.
Nu ngadeg di awang- awang.
Anu sirna di mandala panta panta.

1. **Di Mandala Méga Manggul**
2. **Di Mandala Méga Malang.**
3. **Di Mandala Méga Beureum.**
4. **Di Mandala Méga Si karembangan.**
5. **Di Mandala Méga Si kareumbingan.**
6. **Di Mandala Méga Si antrawela.**
7. **Di Mandala Pa-Guruh, Pa-Guntur, Patapan Guntur.**
8. **Di Mandala Bumi suci kerepek séah.**
9. **Di Mandala Bumi Beureum.**
10. **Di Mandala Bumi Hideung.**
11. **Di Mandala Bumi Héjo.**
12. **Di Mandala Bumi Konéng.**
13. **Di Mandala Bumi Hawuk.**
14. **Di Mandala Bumi Putih.**
15. **Di Mandala Bumi Céngcéréngan.**
16. **Di Mandala Bumi Sanghyang Sorong Kancana.**
17. **Di Mandala Bumi Sang Hyang Ribut.**
18. **Di Mandala Bumi Suci Alam padang.**

Galura bakti ,ka luluhur
Ka -Papara karuhun urang sakabéh.
Urang mimitian ku surat anu biasa.
Nu ilahar di paraké jampé.
Tibaheula nu jadi tari paranti.

Pun sampun ka sang roh Pun.
Ka handap ka sang Batara.
Ka luhur ka sang Batari.
Batara raga salira, Batari batin nu sidik.
Anu ngancik dina ati sanubari séwang-séwang.
Anu tara ngabohong jeung di bohongan.

Ka Batara Sunan Rama.
Ka Batari Sunan Ambu.
Karadén caang gumelar, cahaya sakti.
Ka nyimas gumilang seblak.
Seja nyanggakeun pangbakti.
Sapulukaneun.
Tik bul ning menyan kaula
Cahaya beurum kanyataan na amarah.
Tik bul ning menyan kaula.
Cahaya putih loamah
Tik bul ning menyan kaula.
Cahayana sawi yah.
Tik bul ning menyan kaula.
Cahaya na mut ma inah.
Seja mundut ka emban, kanu geulis.
Ka iringkeun kunu kasép.
Nu geulis Sri Sayana.
Nu kasép Bujang Sarana.
Nya ieu ibu jeung rama.
Pang dugikeun ka anu maha Kawasa.
Kukuh kula-kukuh puji.
Kukus dangdayang mantra.
Dangdayang turus na wati.
Turusna karang Pohaci.

Pang maratkeun, ka-sang Hyang Pangéran Parat Nga-Mohon tembuskan, kepada yang Maha Menembuskan Sapulukaneun ka sadaya para luluhur.

Karuhun karuhun suci.

Anu ti kalér, sa kalér
Anu ti kidul, sa kidul
Anu ti kulon, sa kulon.
Anu ti wétan, sa wétan.

Jisim kuring sadayana.
Neda bagja, neda hidayah, neda mangpaat.
Neda maunat, neda caang. Neda padang, narawangan.
Neda salamet, neda barokah..
Kum teu badé di wiji-wiji.
Dunga-na para kasepuhan sadayana.
Anu masih kénéh gelar di alam hirup.
Kikisik lambak sagara.
Ulah ungut ka linduhan.
Ulah gedag ka anginan.
Di siuk ku ibu, di bauran.
Di cokot nya di émbohan.
Nya di bawa, di tambahan.
Si nyimas nama ning sari.
Geura tah mayang larangan.
Geura hudang,geura tanghi.
Di hudangkeun kunu lenjang
Di tanghikeun kunu geulis.

Cag………Rampés.

BUBUKA CATUR

Tabé, pun.

Amit sejaning unjuk uninga, réhing dumasar kana rasa syukur “Nuhun” ka Nu Ngersakeun, Anu Maha Agung, jisim kuring seja ngadugikeun gerentesna kereteg, anu mangrupi karyana rasa, kersaning anu ngawasakeun, hasil tina teuteuleuman, guguaran, kokoréh, tur mulung pulung ti anu ngalangkung dina jajantung, galuh agung, manawi bahan katampi, kalayan aya guna katut mangpaatna kanggo urang sadaya, malar geusan jadi panungtun tur pangjejer dina nutur lumakuna léléngkahan hirup, sasieureun sabeunyeureun, kasanggakeun.

Tawis rasa anu dumasar kana, rasa “nyaah ka sasama, béla ka bangsa, bakti ka lemah cai, ngarawat tur ngarumat budaya, sarta niat ngawangian ka sarining lemahcai”, malar jadi sambung léngkah, sambung lémék, sambung rasa, keur nyambungkeun uga, tangtuna ogé ti anu kantos aya ti heubeulna, ti biharina, sugan ngancik di kiwari geusan ngambah ka supagi. Buhun ngajadi bahan, biheunna, sara ngajadi sari keur pangaji.

Amit, tabé pun, hampura ingsun, anu diguar saukur gambar, anu dipedar saukur nalar, piolaheun dina polah, pilakueun dina lampah, malar katimu rupaning mustika hirup, anu ngancik dina rasa anu katitipan, naon rupa nu jadi wujud tulisan, muga larap jadi tutur, jadi lisan, pijalaneun tatapakan dina aweuhan jalan anu kacida lamparna, nangtu dina kacindekan Galur.

Sugrining galeuh kadeudeuh, sugrining galih ka asih, tansah mugia, marganing galuh pangasuh. Tandes,

jadi élmu katut pangaweruh. Geusan pituduh jalan anu lempeng.

Amit, sanés badé ngalalangkungan, sanes badé nyanyahoanan, sanés badé mayunan anu ti heula, sanés badé ninggalkeun anu pandeuri. Ieu mah mung mugia pareng:

Nu jauh urang deukeutkeun.
Geus deukeut urang layeutkeun.
Geus layeut urang paheutkeun.
Geus paheut urang pageuhkeun,

Geus pageuh urang wangikeun.
Nu kungsi dihandeuleumkeun.
Nu kungsi dihanjuangkeun.
Urang cokot geusan teuleum.

Urang téang geusan midang.
Nya midang, di banjar karang.

Lebak panitisan bentang.
Nya bentang ti para Hyang.

Nu murba di alam padang.
Sapasini, saparanti,
Sa jalan, sareureujeungan,
Sareundeuk, saigel, sabobo, sapihanéan,

Ka cai jadi saleuwi,
Ka darat jadi salogak,
Malar hirup runtut raut sauyunan,
Pataréma rasa.

Geusan nyukcruk uga ti para luluhur,
Mapay tapak ti para Sanghyang Pudak,

Nu dipuluk mustikana,
Salaku pancer sajati,

Nu dihin ajaring tangtu,
Nu misti élmuning pasti,
Geusan ngadadali diri.
Dadalina uga ludra,

Manuk leuweung ménak lawung,
Lawungna di palawangan.
Nya lawangna geusan luang,
luangna ti pada urang.

urang nu nyorang , urang nu nyaring,
Nyorangna jalan séwangan,
Nyaringna ugeran kuring
Seja tandang seja tanding.

Tandang bari ngarawang,
Tanding bari ngariding.
Bari,nabeuh kohkol awi ,
Bahanna ku haur bitung,

Meunang nuar luhur gunung,
Sorana nyaring tang-ting-tung.
Ngelentrung lir anu ninun,
Nu sidongdang dina sahung,

Hateupna ku rangrang kawung
nu dijieun songkét Bandung.
Songan iket banda indung

Pun!!!

Sakitu bubuka catur, pangjajap, panyabda teda. Hatur punten bilih kirang, luput tina lelepitna, nu disanggi mung ukur sieur jeung beunyeur, tebih tina saenyaan. Panyampurna tangtuna ti nu ahlina. Seja tampi masing tepi, ka para pupuhu kanca, anu surti, nu sasawa, nu sasiwi, nu saini, nu sasunda, nu saindung, nu sasia:

I n d o n é s i a.

Dina mangsa kiwari, anu kanyataanana teges, hususna keur bangsa urang anu pada-pada ngalalakon kahirupan manusa, sangkan tepung jeung naon anu dipaluruh, nyatana kasajatian diri, kamanusaan, mampu nepikeun kana lalaku jeung lumakuna hirup anu ngama'na, sarta bisa diwujudkeun dina sipat jeung tabéat anu nyata.

Taya bayana saupama ieu guaran urang bedah jeung dipedar dumasar kana tata cara adat budaya pribadi, geusan nanjeurkeun tangtungan diri kasampurnaan.

Sangkan pangajegna sajatining diri anu sampurna, pikeun ngawangun tatanan hirup:

1. **Katuhanan:** sangkan ngadeg kasajatian diri kamanusaan.
2. **Kamanusaan**: sangkan ngadeg kasajatian diri kabangsaan.
3. **Kabangsaan**: sangkan ngadeg kasajatian diri karahayatan.
4. **Karahayatan**: sangkan ngadeg kasajatian diri kaadilan.
5. **Kaadilan**: geusan ngadeg kasajatian diri kamardiikaan.

Dasar anu lima di luhur, nyatana hiji gambaran pasti pikeun nata lajuning hirup kumbuh pikeun nyahayakeun wujud anu kasipatan ku karsa jeung kersana anu Ma-Ha, geusan wawuh ka kujur katut pangeusina diri, sarta apal

ka papancén hirup salaku “**Abdi anu ngabdi ka anu kagungan abadina**”.

Dina medar tur ngaguar harti anu misti ku mustari, pikeun ajén-inajén kamanusaan, numutkeun anu kapibanda jeung anu dipiwanda, dina kapribadian Manusa Sunda anu disebut “**Talari Paranti**”. Hamo kudu landung ku catur, hamo kudu panjang ku panalar, dina lumaku-na, ngadadaran ku carita, pibahaneun ngudag élmu, ning rasa ka**sampura**an, jeung , ning rasa ka- **sampurna**an geusan diri, dina hiji ajén anu tangtu, nyatana Ngolah **Diri**, geusan:

- Ka**sampurna**an: sipat laku (ules, watek), anu nyahayakeun sinar (cahaya, asal) ti anu wasaNa, geusan ngawasakeun ka anu diwasana, pikeun ngabasakeun wasa pangawasa ku kersana. **Sinarna** atawa **pancer diri**
- Ka**sampura**an: wujud jeung laku anu nyinarkeun cahaya sinar wasaNa, anu dina ngawasa-keunana. **nyinarkeun** atawa **mancerkeun**

“Sampurna di wasa Gusti anu Ma-Ha, sampurna di basa ingsun anu nga Ma-Ha.”

(Gusti Pancerna Sipat, Ingsun anu mancerkeun dina kasipatanana).

Hirup geusan manceran dina sagala pangawasa kersa anu geus di kersakeun pikeun nuju kana aji ning ka sampurnaan hirup, tangtu mudu metik élmuning hirup geusan ngahontal, tur ngagema keun diri, pangajian laku, keur pangajén diri anu mangrupa:

1. **A j i l u h u n g**: sangkan diri (kaharkatan).
2. **A j i K o m a r a**: wibawa sangkan diri (kadarajatan).
3. **A j i W i w a h a**: sangkan diri (kamartabatan).

Tilu pangaji di luhur, dasar élmu keur nyipatan lakuning lampah, ciri diri nu ngagema kasinaran ku panceran asal, sangkan wawuh ka nu tilu dawuh nu nyangking nyinaran galuh salaku jagat panataan rasa ti anu ngarsaanana.

Tilu Dawuh nu nyangking di jagat panataan (tempat cahaya Suci) anu aya dina diri nu nebaran cahyaning ules watek, nyaéta sinar anu dawuh :

1. **Nga – Sanghyang:** (diri mijati katuhuan di alamna) keur pangaji élmu suci anu apal ka anu kagungan Wasa.
2. **Nga – Rahyang:** (diri mirasa kamanusaan di alamna) keur pangaji élmu suci anu apal diri anu kahirupan.
3. **Nga – Danghyang:** (diri miraga kanusaan di alamna) keur pangaji élmu suci geusan apal kana hak jeung pancén mahluk anu pada-pada dicipta saalam (kanusaan), anu campur sangkan sampurna.

Cahayana anu jadi ules watek tina tilu dawuh anu nyinaran galuh, tangtu diri kawandaan sipat :

1. **Ka-Wisnu-an** (kaw**asana**an): hirup, mampu ngadalikeun rasa jeung wasana.
2. **Ka-Shiwa-an** (kas**ahawa**an): hirup, mampu ngadalikeun hirup jeung sasamana.
3. **ka-Brahmana-an** (kab**arahmana**an): hirup, mampuh ngadalikeun laku jeung alamna.

Tilu cahaya anu nyipatan jadi cahaya nu disebut ules watek diri, udagan anu dihin ku katangtuan, pikeun nétélakeun kasampurnaan dina nataran tatapak pahirupan, anu bakal jadi adeg pangadegna diri, pikeun nyubadanan kabutuhan pasti. Ngahartian, patujuan hirupNa, sabab:

Hirup anu ngusikkeun, hirup anu ngobahkeun, hirup anu ngawasakeun, hirup anu ngarasakeun, geusan: **hirup kudu mawa cageur**, **hirup kudu mawa bageur**, **hirup kudu mawa bener**, ku alatan hirup nu kahirup, nu kahirupkeun ku hirupna anu suci, ngabukti kalawan nyata. Hirupna keur nuju kasampurnaNa.

Tri Pancer Silah

Tri Pancer Silah, nyatana tilu cahayana diri anu mancerkeun sipat geusan ngahontal kasampurnaan diri anu mibanda sinar:

1. Aji Luhung

Hartina, munel ku pangaweruh **rasa jeung jiwa** salaku **sarining diri** anu **teguh pengkuh tur ampuh timpuh** sarta awas dina ngawasakeun tur ngawaskeun pangawasa-na, nebarkeun élmu pangaweruh kasam-purnaan, ku dasar taliti sarta nastiti saperti:

- **Tékad niat anu suci**
- **Ucap lampah anu bukti**
- **Pari polah nu merenah,** sarta
- **Budi basa nu katata**, bémakrama.

*“ **Patalina Diri ka Gusti** ”*

2. Aji Komara (Wibawa).

Gelaran lakuning diri anu nyangking patokan pasti, dina ngajaga tur ngariksa ules watek tiap-tiap anggota badan, anu masing-masing mibanda pakomna pancén séwangan tapi teu luput tina ugerannana, kalawan mungsina, tétés ngalumakukeun dina kahadéan. Tutup hasil kamangpaatan. Naon rupa anu jadi lalakuan, tinangtu ballik hasil ka sorangan, naon rupa sorangan anu geus

disorang, atawa anu tacan ka sorangan, dasarna mah, tetep dina tapak paniatan.

Aji Komara mangrupa wangunan diri anu pinuh ku sinar kasajatian hirup, tegesna mah laku paripolah, kauleswatekan ku naon rupa nu dilakonan, pageuh ku dadasarna kaihlasan, tur dibarengan ku Pancerna rasa jadi sipat: ajénan, anteuran, hampuraan, mujian, jeung hémanan. Jauh kana sipat dengki, ujug hiri jeung takabur.

Panceran Aji Komara, aya dina sinarna rasaning:

- **Pancerna laku**: jujur ka diri, kukuh kana jangji, lemes usap teuas peureup, heureut keupeul, lega awur.
- **Pancerna gawé**: geusan mingpin diri sakujur, batur sakasur, dulur salembur kalayan baraya sabuder awur. Geusan hirup anu munel ku aji jeung pangaji diri nu diolah ku ka**rancagé**an, budi jeung parangi salaku **wawangi diri**, soméah, daréhdéh sarta hormat tilawat ka sasama hirupna. Éta hasil tina ngasah akal jeung pikir, sangkan lébér wawanén, jembar ku panalar, dina ngolah jeung ngariksa hirup, ngudag tujuan geusan ngajayak tapak, lalampahan sorangeunana: **"Suci hing pamrih rancagé haté".**

"Patalina diri ka sasama"

3. Aji Wiwaha

Hartina ajén-inajén kaparigelan diri dina ngolah kamotékaran élmu nu weruh salaku **kembangna diri**, munel ku warna rasa, budi jeung daya, karya jeung karsana, pikeun panalar buah cipta (karya diri). Sugri pangbakti sajining lemahcai, ngapak méga mébér jangjang, hiberna lir manuk julang, ngambah saaweuhan dunya, pakeun jaya weruh sadurung winara. Karsaning ngarancah béntang, tinawur nebar caraang, pakeun ngembangkeun talatah keur ngawangi lemah cai.

“Patalina Diri ka Alam”

Kawiwahaan (martabat) salaku diri diwangun ku olahan dasar anu ngalahirkeun karya jeung karsa dina kamotékaran élmu, ngolah hirup jadi kahirupan nu hirup keur ngahuripan **geusan nyumponan kabutuh alam waruga.**

”Niat anu hadé, tepung ahir jeung kahadéan,

Niat anu goréng, tepung ahir jeung kagoréngan”.

Ajén pangajén salaku diri

Ajén pangajén salaku diri numutkeun **Sunda**: lalakon lampah dina pahirupan kudu diwangun ku olahan dasar élmu dina tuturan adat jeung budaya tuturunan, karuhun anu buhun, pikeun panataran tur panuturan ules watek jeung paripolahna anu ngagambarkeun salaku manusa Sunda sangkan mampu nyumponan: **kabutuh alam jiwa, kabutuhan alam pikir, jeung kabutuh alam waruga,** sangkan dina **nata rasa** jeung **niti diri**, aya kadali atawa elésan, teu mangprung ngaberung sakama-kama**, sakarep ingsun.** Aturan Hirup di alam panyorangan. Kudu pengkuh kana aturan anu di sebut: **“tata, titi, duduga, kalih peryoga.**

- **Tata** (aturan léngkah) = tatapakan laku anu kudu napak kana ugeran aturan talari paranti sangkan teu ngarempak aturan, teu **“pamali”** (hasil kalakuan anu sok jadi mamala goréng).
- **Titi** (tahapan léngkah) = titincakan laku anu nincak kana paniatan anu surti jeung nastiti.
- **Duduga** (sawangan) = rupaning anu rék dilakonan tinangtu kudu disawang heula saméméh disorang, sangkan hasilna caina hérang laukna beunang, anu

karasa pikeun kasalametan. **(Wiwaha Yuda na Raga).**

- **Peryoga** = ukuran kamampuh pikeun ngajurung laku dina hiji tujuan (kasanggupan anu diukur ku kamampuh).

Saperti Ngolah jiwa, keur ngalelemu rasana, bisa di geteran ku cara ngageterkeun sora-sora alam (Rahyang Sora Pagendingan) anu mangrupa alat alat seni Buhun (tradisi). Anu ngumandangna dina geteran **galura** jeung daya geterna.

Conto leutik tina alat seni Buhun Sunda, anu mangrupa :

- **Kacapi,** Alat seni anu di jentréng atawa anu dipetik.
- **Suling,** toléat taléot, tarompét, alat seni anu ditiup.
- **Kendang** (alat seni tepak), dogdog, jeung réa-réa deui.
- **Karinding, celempung, kohkol** jeung sajabana.

Alat alat anu nyangking galumbang, salaku panggeter rasa anu bisa dirasakeun béda béda sérédétna, tangtuna aya maksud jeung tujuan taya lian geusan ngahudangkeun rasa, sangkan rasa ka hudang geter nu di sebut: Jiwa Ngaras, jiwa ngarus-ras, jiwa nga Raas, jiwa nu ngawaas. Ka jerona jiwa sangkan kahudang rasa anu Rumasa.

- **Basa seni anu didangdingkeunana**, nangtu jadi basa keur pangjejer pikeun pangartian, nepikeun rasa anu éling, jamparingna.
- **Basa seni anu dihaleuangkeunana**, (ku Tembangna) ébréh teges, salaku mawa “**wawanti”** tina sora jadi sari keur panepi, tina sora iadi sari keur panghudang rasa.

Sari sora nu maranti wawanti tangtuna mawa hiji wawanti,atawa wanti wanti basa amanat atawa basa talatah, anu ngajadi tali paranti geusan guareun, geusan bacaeun , sangkan jiwa tetep kahudang sari rasa na rumasa. Jiwa anu kageter jadi rasa anu: Nga**Ras-**, Nga**Raas**, Ngarus-ras, jeung Ngarumasa-keun.

Leuwih teges nu pasti dina ngawanti rasa, anu nalutur dina galindengna catur, dina kecapna saur, tétés jéntré eusina ukur pitutur, geusan: "**pépéling**an, pe**pedar**an, **wasiat**an, **amanat**an pikeun diri lumaku hirup, wawuh ka kujur sangkan akur geusan diri keur ngadirian nana.

Seni Buhun , salah sahiji **cukang luang**, anu munel pisan ku aji ning diri reujeung ajén pangaji rasa, geusan ngaguar diri anu mampu ngahudang sari na ka wening ati:

- Geusan nembrakeun rasa karumasaan.
- Geusan ngalayeutkeun pangdeuheusan kawasana. sarta
- Geusan mentangkeun jamparing Dunga, Pa**Nuhun** diri; ka **diri**na, kaalamna, tur ka **Gust**ina.

Sakabéhna, nyata ka Ungkara, dina kecap nu di susun jadi guguritan basa, dihaleuangkeun,di iring ku sora gending, ngajamparing melesat ka alam wening, ngajajap jiwa nu nyaring, ka jagat raya sinangling. Nya diri mirasa éling……………………

Ka jembaran rasa

Kajembaran rasa mangrupakeun salah sahiji adeg pangadeg rasa, anu jadi dasar panataan hirup salaku manusa, anu kamanusaan.

Kajembaran rasa, mangrupakeun pondasi diri anu kukuh, anu nguatan wangunan hirup, sangkan ajeg tur pageuh, moal régrog dina nyanghareupan masalah hirup sakumaha beuratna.

Sabab eusining sipat anu nyangking dina kajembaran rasa. Nyata mibanda sipat-sipat diantarana :

- Nyaahan, deudeuhan, asihan, hémanan, béréhan, mujian, jeung anu nutama Hampuraan.
- Tara: Sirik, pidik, jail, kaniaya, cegékan, cedikan, cawadan, irén pinastrén, dudupak, rurumpak, cawadan, geureuhan, teu kaopan, jeung teu payaan.

"Sing Saha anu miharep KaMulyaan, Kudu sanggup, ngajauhan Dengki "

Mustikana ngancik jadi pamatri, dina ati anu wening, dina rasa nu rumasa, jiwa nu wiwaha, kalawan pikir anu ngarti. Teges cirina sipat anu ngaJati diri.

Kajembaran rasa tara kapolés ku rasa hayang témbong diri, lain ucap anu gelar, lain lisan anu nyora tapi témbongna jadi rasa, anu bisa dirasakeun ku rasa-rasa anu sarasa.

"KaHadéan anu gelar ngan ukur lilisanan,
kahadé ngan ukur popolésan (basa - basi).
T a p i,
KaHadéan anu gelar ku laku jeung lampahna ,
Nyata teges Sarining kajembaran diri anu ngajati".

Ka jembaran Rasa, ti nangtu, bakal teges buktina, nyata aya salaku anu jadi cirina, ku kapribadianana, nyata mancerkeun cahaya budi jeung basana anu katata.

---------oo0oo----------

Kajembaran rasa

Usik sajero ning cicing.
Obah sajeroning dada,
Usikna , maranti diri,
Obah na maranti rasa.

Nu nganteur ka lemah sungka
Nyangkaruk geusan kapuluk.
Pasir liuh peupeuntasan.
Ajrih ning rasa panggalih.

Milih rabi minda rasa
Rabi na ka sang gumati .
Rasa na sang guruh minda
Guru na weruh pituduh.
Japa na Aji ning diri. .geusan midiri!
Japa na Aji ning rasa….geusan mirasa !
Japa na Aji ning harti…….geusan ngarti !
Japa na Aji ning kersa …geusan ngersa !.

Nyumput buni nembrak caang,
Buni sotéh niat ati, anu suci,
Nembrak caang, ku laku lampah nu nyata.
Nu di teundeun di handeuleumkeun,

Geusan paneuleuman nana.
Nudi tunda dina Hanjuang .
Geusan diri ngadaya juang,
Nya hamo luntur ku waktu,

Kapan tapak dina tindak
Kapan galur dina catur
Mun di téang tangtu panggih
Mun dipénta tangtu mikeun.

Nya hamo laas ku jaman

Pastina bakal ka pangggih,
Mangrupa balungbung timu,
Sabab jangji nu bihari,

Hamo nya sulaya pikir,
Anu misti, anu musti, tandes
diri nu nyakséni
Geus natrat tulisanana,

Mo sulaya, ka jangjina,
Teges nétés tur tétéla
Nya diri suratanana,
nya alam tulisanana

Kitabna jagat buana
Moal luntur ku mangsina.
Moal soéh daluangna.
Bacaeun sa tungtung umur

Nya haté kudu rancagé.
Teges nétés tur tétéla
Nya diri suratanana,
nya alam tulisannana

Kitabna jagat buana
Moal luntur ku mangsina.
Moal soéh daluangna.
Bacaeun sa tungtung umur

Cirina satangtung diri,
Carana sa tapak jagat,
Jembar rasa Nagara na,
Bukti na, Raga salira.

Ciri bukti, kajembaran rasa na manusa, teges mapaésan hirup, ku nebaran sinar rasa, anu ngadangiang kamulyaan sabab :

Hirup anu ngagema keun diri, pastina, tepung jeung ka sajatian. Kudrat **Pasti.** Bakal apal kana Titis jeung Tulisna. (C a g e u r).

- **T I t I s,** anu ngajadi wujud (manusa).
- **T u l I s,** anu ngajadi sipat (kamanusaan).

Hirup anu ngagema diri jeung rasa ,pastina tepung jeung ka Élingan. "kadar diri**, Dihin** jeung **Pasti**.

- **Dihin**: kayakinan (hirup lain ka haying).
- **Pasti**: Pasti ti anu mastikeun anu moal bisa dipungkir.

Apal kana **Rasa** jeung **Rumasa**

Rasa anu katarima,

Rumasa panarimaan.

Hirup anu ngagema diri jeung Pikir, pastina tepung jeung kaparigelan. Geusan nanjeurkeun diri, dina nyungsi Tapak jeung lacak palakonannana. (Bener).

- **T a p a k**: alam nu geus di sorang,
- **L a c a k**: alam panyungsian pilalakoneun.

Dina nyungsi lalakon diri geusan pilakueun, nuju lengkah ka alam anu bakal di sorang, anu ngajadi upayana, yén diri tetep nyawang alam ka tukang geusan narawang ka alam anu bakal disorang, tinangtu bakal ngahasilkeun, jalan tatapakan anu moal nyasar. Anu ngandung harti bakal salametnya diri. silokana bihari ngancik kiwari, nganjang ka alam pagéto (Supagi), pameulina nyata hirup kudu :

Nyepi di leuwina diri.
Tapa di sagara rasa.
Geusan nga balungbung timu.
Jalan gedé sasapuan.
Tapak geusan pangeunteungan.
Ku semu, jembarna rasa.
Galeuh bitung haté kangkung.
Hurung nangtung siang leumpang.
Pangjugjugan, alam caang poé panjang.
Nagara tunjung Sampurna.
R a m p é s…

Dasar pikeun ngalalaku, pahirupan di alam hirup kumbuh, alam jagat raya (dunya). dina sorangan atawa anu kasorangan, tangtu aya nu marengan, dina masing masing alam hirupna anu miwanda ciri jeung cara anu béda. Boh ukurannana, tangtunganana, sarta pancéna, gumantung kana kudrat pastina anu geus di kersakeun jeung di karsakeun ku anu Mahana, tapi ukuran urang salaku anu di gelar dialam jagat raya ieu, miwanda titis anu ngajadi wujud, jeung tulis anu nga jadi sipat, salaku mahluk anu leuwih ti sagalana, anu kapancén pikeun milaku kamulyaan anu ka sampurnaan, sangkan wujud manusa mibanda sipat kaManusaan.

Kamanusaan

Manusa dileuwihkeun ti mahluk anu lianna, lain ngan ukur di aku leuwih dina kamulyaannana, tapi teges dileuwihkeun sotéh dina rasa tanggung jawabna salaku mahluk anu bakal jadi tunggangana mahluk-mahluk sasama hirup anu di cipta geusan campur marengan dina hirupna manusa, yén manusa téh salaku Parahu Hyang na, geusan nganteur sakumna ciptaning gusti, kuda sampurna.

Ngan Manusa anu disebut sampurna tur Mulya téh teges mibanda sipat kajembaran rasa. Diantarana boga ciri: **Welas Asih, Undak Usuk, Tata karama, adat,** jeung wiwaha **Yuda Naraga**.

Jalma digelar tina pangasalan cangkang geusan Jalmaan (wadah hirup anu kosong). ngandung Harti, ngan ukur di titipan pangawasa awal anu masih suci, tacan kabangun tur tacan ka adegan. Tacan kasipatan.

Anu nyampurnakeun pikeun adegan, sipat jeung ules watekna jalma bisa ngawujud ukur mahluk jalmaan ,anu ka wangun tur ka ules watekan ,ku sipat-sipat mahluk lianan anu ka inum tur ka dahar ku dirina, lamun teu mampu nyampurna keun nana sangkan sampurna. nu buktina mahluk jalmaan sarupa kitu, tacan pas disebut manusa, jajauheun disebut manusa anu kamanusaan, sabab sipat anu ngancik dina ules watekna saperti sipat Dengki, Sombong, Bohong. Amarah jeung sarakah, éta sipat, anu dipibanda ku ules watek sato,jeung tutuwuhan,

Sipat Jalma sarupa kitu bisa di sebut "Wanara: teu béda jeung sipat urang leuweung, ngumbar nafsu, ngumbar amarah, licik, téga, tur sarakah.

Dina nata diri, dina nata rasa, jeung dina nata kahirupan samar, bener, jeung hadé ukur pupulasan, nyata ucap anu teu nyata, lampah teu bukti, ku alatan sinar haté ngan ukur kabébénjokeun ku kahirupan anu dasarna, Dunya jadi udagan.

Dunya, ngawatek, poho ka diri, poho kana rasa, jeung poho kana jiwa. Sabab dunya atawa kadunyaan mah, watek anu kuat, ngan ukur gambaran kahayang leuwih, bari kapuasan moal ka panggih. Iwal ti ku Manusa anu daék Tumarima.

Jalma anu di gelarkeun dina alam kadunyaan, leuwih kuat hawa dunya, tibatan jalma anu di gelarkeun dina alam Manusa.

Teges lamun manusa, anu di gelarkeun di alam kamanusaan, tinangtu, leuwih kuat ujian jeung cobaan hirup, geusan kasampurnaan, keur nga hontal kaMulyaan.

Sipat Jalma anu nitis manitis Manusa, anu kasipatan, kamanusaan, bakal teges, dina lakuning diri jeung ules watekna ,mibanda tujuan hayang nyampurnakeun hirup anu ngarumasakeun yén hirup dipentés pancén, yén hirup boga hak jeung kawajiban, tur yén hirup téh, aya anu campur dina dirina, anu kudu disampurna keun, pikeun kamulyaan dina lajuning laku anu bakal di sorangna.

Manusa anu kamanusaan teges jalmaan anu kapilih salaku palakon hirup anu geus jadi titis tulis na. Kudrat pasti ti anu Ma-HaNa, sabab iwal ti manusa anu bakal mampu ngalaksana pancén pikeun ngurus jeung ngatur ,atawa ngarawat alam salaku titipan, ogé salaku sasama hirup anu di cipta,

Manusa sampurna, campurna gumulung, geusan ngajadi tangtung salaku mahluk anu linuhung, anu ka Gungan ku kersaning anu maha AGung, anu maha kersa jeung karsa, “Gusti anu maha kawasa”.

Sipat Jalma anu ka, manusaan disebut na; Cai Ahung (CiHung atawa Ciung) hartina hirup anu di karsa, rumasa yén hirup nyata papancén ti anu kawasa. ku nu Ma-Ha linuhung.

“Paralun , mung ukur gagambaran, tur sisigaan, tebih ka-nu sa-enyana, yen dua sifat anu ngajadi ules watekna jalmaan

anu di simbulkeun tadi , bias ngabedakeun diri anu kasipatan mana anu ngancik nyarungsum dina puraga jati ning diri

Pikeun ngalarapkeun naon anu jadi udagan pancénna hirup, anu ngarana Manusa, tangtu keuna ku dihin (kayakinan) jeung tangtu (dasar), aturan hirup anu nuju kana lalakon anu saenyana.

Ageman Kamanusaan

Tinangtu patokan jeung ukuranana aya dasar agemannana, nu disebut Ageman KaManusaan.

Ageman. asal kecap tina **"Gama, (Gema atawa Gema, Na),** nu disebut **Sa-Wa-Ra, Sinar Wasa Na"**, anu ngajadi cahaya diri, anu dihin ku pastina, anu teu bisa robah, dina katangtuan aturan gerak jeung gerik manusa. Nyangking aturan jeung tata cara dasar ku élmu jeung weruh.

Gerak nyatana hirup nu ngusikeun.

"Ka mi, Ka ma, Nu Sa"

Kamanusaan mangrupakeun élmu panemu pikeun ngalokat diri sangkan apal ka :

1. Diri Na: mahluk anu di cipta ku kersa jeung karsa sang Hyang Maha Cipta,…….. di sebut .hing "**Sun Na**.
2. KaLam Na: mahluk anu di gelar di alam na geusan ngalalaku tulisan hirup jeung dihinna hing **"Sun Da – Na**.
3. DaRah Na: mahluk anu marengan campur jeung nyampur marengan hirup anu ngahuripan nana hing **"Sun Ha – Na.**

Manusa Gelar ku tilu Tangtu,

1. **Ka mi: Asih na Gusti** anu nga jati Ruh Hyang, atawa Ruh Suci.
2. **Kama: Asahna Bapa, jeung asuhna Indung** (Gumulung), nu ngajati panitisan wujud atawa RahMani, jeung nu ngajadi panétésan Ules watek (Sipat rasa) RaHim.
3. **Nusa:** wangina sari ning Nagari.

K a m i :

Sipat mahluk anu ”**T u h u**” kana hirup, anu ngalaksana pancén titis tulis, ti anu ngersakeun nana anu ngancik di sang kuringna, sajatining wasa-wasa Na.

Hirup ku usikna, hurip ku obahna, sagalana kersaning anu kagungan wasa. Ingsun darma lakoni, Geus ti nu Murba hing wisésa. TuHu, ka anu nyiptakeunana, “Gusti Pa Ngasih”, Katuhanan.

K a – M a:

Sipat mahluk anu **“TuMut”** ka anu jadi cukang lantaran, ngagelarkeun ka alam dunya :

- Indung anu ngandung, Tungulna Rahayu, salaku (“Ambu PaNgasuh”).
- Bapa anu Nga Yuga, tangkalna darajat salaku (”Bapa PaNgasah”).

Indung jeung Bapa :

Cukang lantaran anu nebarkeun **binih bibit awit pangawitan (PaWit).**

- **Wit = S I r**.

- **Pa Wit** = gumulungna Sir anu Nga Jadi.
- **PaNgaWitan** = Tempat ruang waktu, pangancikan hirup awal (Lamut Kasih Indung, nu di sebut alam Kandung Indung). Basa Simbulna, di sebut Palawangan atawa Gowa PaIbuan, atawa Guha Pawon.

Indung jeung Bapa, salaku Karang Pawitan,anu ngajadi cukang Lantaran gelarna Tuturus anu bakal nga jadi “SaWa, SiWi , anu jadi Seuweu Siliwangi, hasil tina Sili, Wangina kanyaah bapa, tur wangina ka asihna Indung, Salaku Tingkeban ParaHu. Atawa SasakaNa. Tuturus anu disebut anak = “SaWa SiWi salaku Kado emasna, atawa PusakaNa. (KaWaHa Domas).

Kawah Domas, salaku **Tungkeban Para Hu Hyang**, anu jadi Bibit awit di Palémbangan, geusan Pamedalan salaku mahluk anu ngajadi pibakaleun, gumantung kana patalian, anu nyipatan terah jeung Darah na, dina Jangji awal **(PaTaKa)**, mangkana saupama mahluk anu di gelarkeun jadi Jalmaan, ti luluhurna, lamun teges Sampurna dina Kamanu-saannana, mangka hing geusan kudu nyahayakeun Mahluk jadi Jalmaan anu ka Manusaan, aya dina patalékan para Guru Hyang, anu ngabédakeun ti mahluk anu liana, atawa NgaHing Sun Medang KaHuripan.

Bapa. Anu nuruskeun **Terah**, teges Kapapancén geusan ngajayak tuturus dina ngolah hirup, nurunkeun élmu pangaaji **Panalar diri**, pikeun darajatna, **(Komarana).**

Indung anu nuruskeun **Darah**, teges kapapancén geusan ngaasuh tuturus dina ngalarapkeun élmu pangaji **Pangulas rasa** pikeun Martabatna**, (Wibawana).**

Indung jeung Bapa *salaku* ***SasakaNa,***

Tuturus *salaku* ***Pusakana*** *Indung Bapa*

N u – s a :

(Sari Pati Alam) = Ku Dat na, Anu ngajadi cahaya. **Cahaya rupa, cahaya daya, cahaya rasa**, tina sari patina, paHirupan, anu nyampur ngawaruga (Bugang), dina kahirupan anu ngahuripkeunana.

Alam kahirupan jeung Kahuripan, pikeun nyampurnakeun sakumna mahluk anu kumelit di alamna, nyampurnana, ku alatan **"NuSa"** ,jadi bahan pikeun pahirupan, kahirupan, tur pahuripan jeung kahuripan.

Gumulungna Sari pati alam, dina sawarugana mahluk, mampu medarkeun hiji sipat, atawa ngajadi ules watek anu nganteur laku jeung lampah na atawa adat jeung kabiasaanana. Contona *sipat Sasatoan*, gurat badagna, nimbulkeun pasipatan diantarana:

1. Sipat Nafsu birahi,
2. Sipat Nafsu Sarakah,
3. Sipat Nafsu Amarah,
4. Sipat Nafsu Ngawasa, jeung réa-réa deui.

Sipat Tutuwuhan, gurat badagna pasiatan, diantarana:

1. Lungguh,
2. teguh,
3. ngasuh,
4. angkuh.

Ules watek sasatoan jeung tutuwuhan, ogé kageteran ku sipat pangasalan hirup, sari patina, sipat Bumi, sipat Seuneu, sipat Cai jeung Sipat Angin. Diantarana:

- *Sipat Bumi*: Sabar, subur, sebar, nyurup Nga-adegan.
- *Sipat Seuneu*: Panas, caang, niyurup Nga-Sinaran.
- *Sipat Cai*: Hirup, hurip kahirupan. nyurup Nga Huripan
- *Sipat angin*: seger, dalingding. Hawa, nyurupna Nga-Hawaan

Gema atawa Gemana

Hirup anu Ngagema katuhanan, Teges laku ning diri dina hirupna mibanda rasa karumasaan kana karsa jeung kersa Gusti anu Maha Kawasa **(kaluhungan).**

Hirup anu ngagema kamanusaan, teges lakuning hirupna mampu ngalaksana sipat anu nga wanda darajat na **Bangsa** (**Komara).**

Hirup anu nga gema Kabangsaan,teges lakuning hirup, mampu ngalaksana sipat anu mi banda daya cipta karya jeung karsa geusan mibanda (**Wiwaha**). Atawa mibanda ajén pangajén diri, ajén ka sasama hirup anu, surti kana hak hirupna alam anu lian, anu *ka RahHayatan*.

Hirup anu ngagema keun tilu tangtu dasar pakeman hirup:

*"Ka**Tuhan**an, kam**anusa**an tur ka**bangsa**an, anu kaRohHayatan, dihin jeung pastina diri, dina nga asuh hirupna, bakal mampu nataran jeung nuturan **Rah** jeung **hayat**na keur ngajagangan carita anu dilalakonkeun di alamna ku sipat Ka**Adil**an"*.

Hirup anu mibanda sipat **ka adilan,** ta ngtu lakuning hirup anu nungku, pinuh ku kajembaran rasa jeung rumasa diri.

Dina ules watek anu jadi lakuning kaAdilan dirina, nyata ngawujud jadi "**CahayaNa** (**Nur**), atawa Wujud anu:

- **ka sinaran** ("Mardhi Ika"). **Diri salaku anu jadi Cahaya Gusti,** dina (Pari polahna).
- **Cageur** awakna, **Bageur** lacuna, tur **Bener** élmuna.
- **Kamardhi Ika an** atawa **Wujud anu Ka sinaran,**
- **Katuhanan**: nga ules watek, "Kersana": **sadar, sadrah, Pasrah jeung tumarima.**

Kamanusaan: nga ules watek ku cara cirina, ku dihinna:

- **welas asih**.
- **Undak usuk**
- **Tata karama**.
- **Adat istiadat ...jeung**
- **Wiwaha Yuda Naraga.**

Kabangsaan: ngaules watek ku **cara ciri**na, **ku pastina:**

- **Bangsa mibanda R u p a**
- **Bangsa mibanda B a s a**
- **Bangsa mibanda A k s a r a**
- **Bangsa mibanda Adat Istiada**
- **Bangsa mibanda B u d a y a**

Kabangsaan nyangking salaku darma wangsa ka Nagara, pikeun nyangking papancén pasti panebaran ules watek anu kaRohhayatan, ciri bukti béla diri jeung sasama natar nutur lajuning ajén pangajén, geusan ngolahlaku, diantarana

- **Diri Nyaah ka Sasama.**
- **Diri Béla kaBangsaan.**
- **Diri Bakti ka Lemah Cai.**

- **Diri Ngarumat ngaramat ka Budaya.**
- **Diri Ngawangi keun Nusa sari Nagari. (turunan).**

Wawuh ka Diri (wawuh ka kujur). Luyu kana ajén Sari ning Sunda pikeun Manusa Sunda Geusan Nyunda di alam Panyundaan ieu, milarapna, ku ules watek sipat tur paripolah, anu natrat teges geusan:

SUNDA

Sunda anu jadi tutur dina **Panglokatan Panyundaan-**nana, geusan pangadeg na anu teges, pikeun Jelma, (Jalmaan), sangkan jadi "Manusa".

Diri Na (IngSun Na).

Diri , sangkéhan tina kecap awal Da jeung Ra.

- **"Da"**, ngandung harti buana (Alam).
- **"Ra"**, cahaya, Sinar, ules watek, atawa **saNur** nu di kawasaan.
- **"Na"**, Anu kagungan karsa jeung kersa, anu "teu wujud, teu ngaran, teu ngarupa.

Tunggal dina tunggul.
Manunggal sarta manunggul.
Ngancik sajeroning ancak.
Usik sajero ning cicing.
Obah sajero ning rasa.
Nu asal ngahirupan usik.
Nu asal ngahirupan rasa.
Nu Maha Agung (AHung).
Dat asal, pa asalan.
Pangasalan, Pangawitan (Wiwitan).
Anu jadi bibit kawit anu nga Wit , (KaAWitan).
Tampa wates ku ambahan.
Tampa wangen ku pedaran.

Tampa mampu di basakeun.
Geusan medal babasaan.
Tina basa ku wasana.
Unggeukna : "Anu Maha Sagalana" ..Pun !.

Tegesna anu disebut Diri, cahaya alamna salaku Pancer Silah, atawa sipat tina kawujudan.

KaLam Na, atawa alamna (Da – Na),

- **Ka** = pangancikan ,
- **La** = pahirupan,
- **Ma** = PaJatian.

Tegesna alam sorangeun, anu bakal di sorang, tur sorangeunana pikeun panyoranganana disebut lalakon titis tulis (Sorangan 'Na).

SaSaMa Na (Sa Ha – Na). **Sasamana** = anu marengan tina :

- **Hirup** = usik jeung obahna pangawasaNa.
- **Hurip** = nu di usikeun jeung nu di obahkeun pangadayaNa.

Nyata anu nga Hana (Aya hirup kersana),dina sajeroning usik, jeung obahna, tur saluareun, rupa jeung wujud Na.

MANUSA

Jatining Gumulung Campur anu bareng, Parahu panganteur ka sampurnaan anu campur, geusan "Nyorang" ka Alam Caang, poé Panjang, Jalan gedé Sasapukan, Nuju ka NaGaRa Pangkonan Gusti, Nagara Tunjung Sampurna, SaWaruga, SaWara Jati :

Sunda, ngandung harti tatanan pari polah hirup, anu **Dihin** ku **Tangtu** carana, **Papastén** ku **Pasti** dina cirina, pikeun ngawujudkeun, ngabuk-tikeun, yén mahluk anu gumelar di ieu alam jagat buana pancer tengah. Teges:

kudu ngalaksana sagala anu geus jadi pancén keur nyubadanan nampa **Hak** jeung **Kawajiban lalakon** anu geus jadi **titis tulis** ti dituna (**Kudrat Pasti**).

Asal anu tuna sagalana

Tuna nyaeta Sagalana ti anu ngarsakeun

- Tuna - r a g a
- Tuna - r u p a
- Tuna - r a s a
- Tuna - b a s a
- Tuna - w a s a.
- Tuna - w a n d a.
- Tuna - b a n d a.

Urang darma ngalalakon, ngalaksana (Ngamalakeunana). Éstu sagalana dikersakeun, tur dikarsakeun, ti anu ngersakeun jeung ngarsakeunana (ku Dia Hyang), anu Maha Agung (ku datna) sangkan :

- Ngadegna, karsa jeung kersana, anu jadi wasa dina kawasana.
- Mampu *"Ngawasakeun ka anu di kawasaannana, pikeun ngawasaan sagala pangawasana, sangkan Awas kana pangawasana".*

Ngadegkeun anu **Maha Agung**, dina **Ngamaha** keunana, ku anu ka**ungan**ana, teges, dina **Ngamala** keunana**, (Ngamana):**

- **Ngamaraga** jadi **miraga.**
- **Ngamarupa** jadi **mirupa.**
- **Ngamarasa**j adi **mirasa.**

- **Ngamabasa** jadi **mibasa.**
- **Ngamabanda** jadi **mibanda.**
- **Ngamawasa** jadi **miwasa.**
- **Ngamawanda** jadi **miwanda**.

Ka - Ma, Sari ning Pati Cikal Bakal, cukang lantaran ti nu sa asal, pi bahaneun wadah Sukma , RahMani ti sajatining nu kagungan Jadi.

Nga Ma = Nyawujudna RahMani nu sa asal pikeun ngawaruga jatiNa. sajati ning Hirup. Jadi Pangakuan, jeung Pangalakuan. Mun diaku kudu jadi Laku jeung Lampah.

Sunda, nyangking pancén, nyusun deui anu katunda, dina sasari ning waruga anu geus nga**jati**, sangkan **Sampurna** nitis **Sawaraga**, (sawaruga). dina **Sora Uga** nu **Sampurna.**

Sampurna na, nyata dina **Campurna** sakabéh anu kawasaan kunu asal**,** gumulung nyangking sajeroning Cangkang ngawujud rupa nu kasipatan (**Waraga**).

Satiap Anggahuta badan, anu miwanda ciri dina sadirina, teges mibanda cara saragana, ngawatek **Pancer Séwangan**, tetep **ngarujak-ngarujuk**, Tunggal **SaDaMi,** sa wasa-wasana, aya pangawasa jeung awasna:

- **Awas** kana **wasa**, keur nga**Awas** keun naon anu di wasakeun ku, pangawasana.
- **Wasa** anu di kawasakeun jadi pangawasana, teges dina ngawasakeunana.

Susunan wali Sawaraga anu Nawaruga:

Wasana	**Panga-wasana**	**Ngawasakeun-na-na.**
1. Panon	Tingal.	Sidik = ka anu di Reungeu

		keunnana
2. Ceuli.	Dangu	Seukeut = ka anu di Rungu keunnana
3. Irung.	Ambung.	Teges = ka anu di Angseukeunna-na
4. Biwir.	U c a p.	Tetes = ka anu di Lisankeunna-na.
5. Uteuk.	P i k i r.	Telek = ka anu di Sawangkeunna-na.
6. Sarap.	R a s a,	Teteg = ka anu di Rusraskeun-na-na
7. Jantung	Renghap.	Teger = ka anu di Lenyapkeunna-na
8. Leungeun	Rampa.	Tapis = ka anu di kupiskeunna-na
9. S u k u.	Lengkah	Tandak = ka anu di Tincakkeunna-na.

Susunan Wali Sajiwa anu Nawarajati.

1. S i r	Geter anu nyangking ka hayangan,geusan ku pamilih Ati.
2. R a s a	Buah hasil tina tepungna antara geteran,panyangkingna wasa,
3. Cipta	Geter anu nyangking diantara pikir,keur ka hayangan (gambaran).
4. A k a l	Upayaan geusan tepung kahayangan, panyungsian jalan tujuan.
5. B u d i	Wasa anu nyanking dina pamilihna

	jiwa geusan nga basa usik rasa.
6. Da y a	Wasa anu nyangking dina waruga geusan ngabasakeun usik raga.
7. A s m a	Wasa anu nga wasta (nga-ra-na), warugana
8. S u k m a	Ruh hirup anu ngusikeun, alam pikir (akal)
9. lelembutan.	Ruh hirup, nu ngusikeun alam sadar.

Nyusun Basa anu kudu **dibasa keun.** jeung **Wasa** anu kudu **diwasakeun, Maca** keun lalakon, salila léngkah ngasuh hirup, ti awal gelar ka alam na, nepi ka ahir hayat na, geusan, masrahkeun ka anu ngagelarkeunana, asal gelar dina ka aya an **suci**, mulang kudu suci, malah ngantun gé kudu ninggalkeun kalam anu **suci**, geusan nitiskeun tur nétéskeun ka anu di kantun, nyata tuturunan.

Sunda, asal kecap awal tina:

Sun = Ku Réhing, atawa mahluk cipta ning. **Kuring Na, anu mibanda:**

- *Cahaya*
- *Jati*
- *Wasa*

Da = sang Kurung (Ku Ruhung), (anu di barengan), nyatana **kurung, Na**,

- *Kurung Na.*
- *Waruga Na.*
- *Wujud Na (anu kawasa an).*

Na = nu hirup, (nu ngusik keun, nu ngobahkeun, nu ngarasa keun, nu nganyaho keun, jeung anu ngahartikeun.

Sun, atawa **SunNa**, ngandung harti mahluk nu dicipta.

SunDa, atawa **Sun Daha** =mahluk anu di cipta dipagelaran (alam hirup,na),nu di sebut **DaNya** atawa **DunyaNa,** (Ingsun Medal).

Ingsun medal tandang nyangking ka Hyangan
Ingsun medal tandang nyandang ka Hayang.
Ingsun medal tandang ku Dia Hyang.
Ingsun medal tandang nyangkuring Caang
(Sang Kuring, sang Hyang, ka barangan ka beurangan).

Sunda, bisa ngandung harti, tataran alam jagat buwana anu geus dihin ku pasti, pikeun tatapakan ngalalakon, mahluk anu di cipta, geusan ngalalaku alam hirup lalakonan, dina patapakan,anu ngeunaan kana pangalaman, nu di alaman, sangkan ngajadi alamna, tur nga jadi kalamna, patangtu an ***Titis Tulis na.*** Hasil dina panyorangan, ku sorangan, nu ka sorangan tur keur sora ngana.

Sorangana pituturna, nya anu Maha, nu nga **wasa** keun. **Nyorangana** ngalisanna, nyata ingsun anu **ngumaha**, anu **nga basa** keun:

- **Sora** geusan jadi **ucap**, **Nyora** geusan jadi **lampah.**.
- **Kedal ucap,** ku **basa** na.
- **Medal lampah,** ku **wasa** na.

Ucap sora: Nga **Ungkara jadi lisan jeung haksara.**

- **U c a p**: Pangawasa sora mahluk, pikeun nepikeun kereteg anu jadi panganteur maksud jeung kahayang, nu mangrupakeun sorana **eng, ngang.**
- **S o r a :** anu negeskeun ciri-ciri sawara na mahluk.

- **Sora anu jadi ucap disebut : Kecap,** ngan aya di Manusa**.**
- **Kecap:** kedal lisan, anu nga ungkara nepikeun maksud.

B a s a

- **Basa sora**: runtuyan kecap anu nga ungkara mangrupa kalimat (nyawara). Paparan keur nepikeun maksud.
- **Basa rasa:** paparan nepikeun maksud tina gambaran anu nga ungkara kaayaan haté, ébréhna aya dina gurat **Raray,** (beungeut, rupa, pameunteu). **Raray**: Cahaya anu nga ungkara kaayaan haté.
- **Basa Awak**: paparan pikeun nepikeun pamaksudan ucapan, anu di lisankeun ku usikna awak, angonan badan.
- **Basa Haksara**: paparan pikeun nepikeun pamaksudan nga ungkara ucapan ku mangrupakeun simbul tulisan (Haksara Hurup jeung haksara Angka).
- **Basa Badaya**: Paparan pikeun nepikeun pamaksudan dina ngaébréhkeun gerentes haté, pikeun ngaungkara gambaran ka hirupan, anu di tepikeun ku mangrupa hasil karya seni.

Lampah nga **ugara jadi tulisan, salaku** tutur jeung laku pikeun **panga aji** ka diri (pangajén diri), **panga harti** (pangarti).

AHUNG SWASTI ASTU
PURANA KARSA
Sampurna di wasana anu maha.

PURAGA KERSA

Sampura Na, di Basa ing SunNa, anu NgaMaha.
Tedak ing Wang kawasa Na, tedak ingsun hing kang di wasa.
Tedak kang pitutur laku,
Pitutur kang ing Ruhmuhun.
Nu ngarsa linggih Tumuhu
Mager alam ingwang NuSa SunNa.
Nusa HaNa,……. Nusa CaRaKa.
Nusa DaTa ,……. NuSa SaWaLa.
Nusa PaJaYaNya
Nusa MaGaBaNga.

Nitiskeun sari paaji, nétéskeun sari paharti, geusan keur ngarumat rasa, sangkan keuna kana titis tulis diri, kudrat pasti ti Hyang widi, keur nangtung keun kadihinan (kayakin an), takdir diri, kadar awak, dumasar kana sagala papastén anu geus jadi katangtuan ti dituna. Pikeun ngawujudkeun tangtungan pangadeg diri, jeung jati, geusan kumawula, nyabdakeun ka anu kaGung an.

NgaRasakeun

Nga **Rasa** keun, Nga**Ras** keun tur Nga**Rumasa**keun.

Ngarasakeun, tepung:

- **Nga= engeuh,**
- **Ra=cahya**
- **Sa=teges**

Ngaraskeun, Nampanan**:**

- **Nga= engeuh,**
- **Ras= dirasakeun**

Ngarumasakeun, Tumarima:

- **Nga= engeuh,**

- **Ru=nyahayana,**
- **Ma= jati ning suci kuringna**,

Ra=cahya Sa=teges, keun

Wanda jeung Banda

Salaku mahluk anu miwanda wujud jeung rupa anu ka Wastaan, nata tapakna, teu saru, antara pangakuan jeung Palakuannana.

Titis*:* ngandung harti, rupa atawa wujud disebut (***ngawanda***). **Tulis,**ngandung makna***,*** nu negesan tabéat atawa sipat, di sebut (***ngabanda***).

Contona, lamun mahluk **ngaWanda Sato**, tangtuna ogé, pasti **wiBanda** sipat, **kasatoan.** Lamun mahluk **ngaWanda Manusa**, tangtuna ogé pasti **miBanda** sipat **kamanusaan.**

Wanda jeung ***banda*,** teu misah, tampa diantaraan ku wates jeung ruang pamisah, dii sebutna (Gumulung). Wanda gelarna Ules watek (Sipat), Banda (Pakaya WasaNa). Upamana, Gula jeung amisna, Uyah jeung asinna, seuneu jeung panasna, panon jeung tingalna, jeung réa-réa deui conto anu liannaa nu sarua. Tapi anu béda ngan kadar jeung pastina, gumantung: paragina, gunana, katang-tuanana jeung ngamangpaatkeunana,

Kanda jeung Kara

Aya **Wanda**, aya **Banda**, tangtu bakal jadi **Kanda** atawa **kara**.

- **K a n d a*,*** lalakon hirup ngangking ka hadéan sakumaha kudrat pasti ku alamna (bukti wujud nyata).
- **K a r a*,*** lalakon hirup nyangking kahadéan kugambaran alamna (panyamaran antara bener jeung salahna).

K a n d a : tatapakan awal jeung ahirna ciciptan, anu gelar di alam tempatna, dina titis tulis ku pastina, datang jeung mulangna di pagelaran ka pangbalikanana, tinangtu ka asal wiwitanana, nu disebut

> "*Mulih ka Jati ning Suci, Mulang ka jagat ning asalna, ka alam caang, poé padang, tara bangsa, nagara tunjung sampurna*" (Pang Lokatan).

K a r a : tatapakan léléngkahan awal jeung ahirna hiji lalakon, di sarungkeun ku panyamaran jeung gambaran ,keur nangtu keun hiji kahayang, ku katangtuan : Bener jeung salah, kudu jeung ulah, karma jeung pala, pang bibita jeung panyingsieunan, anu jadi aturan atawa:

Dogma: hasil buah pamikiran anu bisa jadi, Aturan nu lahirna, ku panyarungsuman antara akal nyambung jeung nafsu, anu di sebut **"KaRa**. (olah pikir nu hirup), atawana aturan nu gelarna muraga jati, tepungna antara akal jeung rasa. (Pangabaran) nu di sebut **"Kanda.**

K a r a : nyandang pangaraksa nu Murwa daksi ing pasti.

Kanda: nyangking kersa hyang Maha Murba hing Wisésa, Tanpa rupa, tanpa sora tanpa warna, , tanpa:

Panegesan di luhur, mangrupakeun katangtuan keur anu NgaMaHa, kanu kaGungan Ma-Ha. Sangkan nuju kana hiji bener, ku rupaning wujud bebeneran, geusan tepung jeung tujuan bener anu hiji. **"Anu sa enya-enyana bener**" (Aya Bukti anu Kanyataan).

Satiap wujud, tangtu nga**Wanda** rupa dibéré ngaran atawa(***Wasta***), tur mibanda Ules watek (sipat).

Teges jadi ciri anu ngabédakeun antara mahluk hiji, jeung mahluk anu liana, saperti :

Wujud anu di ***wasta*** (ngaran), mi **Wanda** (rupa) Jeung mi**Banda** (Sipat), mangrupakeun karsa jeung karsa,

ti Kudrat PastiNa. geus ngajadi "Titis Tulis, jeung Tulisannana, dina Kalam Sorang-sorangna, saperti:

Wastana, sato, tuwuh (tangkal), seuneu, cai, angin, taneuh, jelema, jeung réa réa deui mahluk anu liana, pada-pada nga bangsa an séwang séwang (***titisan***).

Ka sipatan ku carana hirup séwang-séwang, anu geus di tangtuan ku kapastian (***tulisan***) anu jadi laku jadi lampah pari polah kabiasaanana. Tapi anu di sebut alam hirup jeung pahirupan, tinangtu mampu ngahirupan sipat ka mahluk anu merlukeun kabutuhan, keur nyumponan kabutuhan jasadna (parab Jasad), bias mangaruhan sipat anu ka parabannana.

Tapi lamun Jalmaan Mahluk anu jadi wadah sipat, salaku Manusa anu kamanusaan, tinangtu bakal mampu nyampurnakeun tur ngimbangan sagalana sangkan katutur ku sipat anu jadi ka hadéan.

"Hadé tapi Kahadé"
Hirup geus ti di tuna.
Bongan tuna sagalana
Hirup nu ku kersana
Keur nusana
Hirup nu ku karsana
Keur nu karasana
Nu sasawa, nu sahudara
Nu sada, nu sadara
Nuhu, nu tuhu

Ku Dia Hyang, hirup geus ti di tuna, asal tuna sagalana, ka usikan, ka obahan, ka wasaan tur ka basaan, (Hirup lain ka hayang, tapi ka hyangan, ku pasti Na (kersa ***Abdi***, karsa ***Gusti)***.

PARIGEUING GEUSAN NYUNDA

Pari geuing, mangrupakeun pitutur pikeun milaku sipat anu Nyunda, keur ngayoman, cirri dina diri, tur cara anu nyoko dina Uga, malar pi bahaneun, bekel hirup di alam jeung papadana, luyu kana tujuan hirup anu sategesna nyatana Nyicipta Kamardhi ikaan (Merdéka).

Panegesan kaluhungan élmuning Sunda geus teu ka ukur ku catur, atawana katalar ku baca, tapi ébréh teges dina pari polahna jadi pangakuan dina lalakuan, sabab tangtuna ogé sagala anu dirasa, anu karasa, tur hasil dina pangarasaan, ngajadikeun hiji ajén dina nyumponan pancén pikeun tumarima iwal ti ku medalkeun rasa, ku karumasaan.

Ayana rasa, rumasa jeung tumarimana manusa dina élmu kamanusaan tinangtu bakal nga wujudkeun hiji Bangsa anu kabangsaan, anu geus di tangtukeun ku Sang Hyang Maha Kersa (Gusti anu Maha tunggal), anu geus jadi hiji papakon patakonan, ti sang Hyang Luluhur Sunda, anu negeskeun :

"Nu kangken bijil ti Nirmala ning lemah. (rasa rumasa) ngarana inget disanghyang siksa. (tumarima) mikukuh talatah ambu, bapa, aki lan buyut, nyaho disiksaan maha pandita mageuhkeun ujarning kerta".

Éta diluhur negesan talatahna aturan-aturan hokum dumasar kana "Cipta, Karsa jeung Kudrat", tegesna yén Manusa Sunda :

- Ulah mopohokeun ka anu nyipta (Tuhu ka Kersana anu disebut KaTuhannan).
- Ulah Nyapirakeun kana talatah tur piwejang para karuhun. (Tumut ka Luluhur).

- Ulah ngaliankeun ka sasama ciptaning Gusti, ajén ka lemah caina. Anu jadi pangasalan sarining patina anu marengan.

Sangkan pinanggih jeung
Kawaluyaan, karaharjaan, tur kamulyaanana,
Mulus Rahayu berkah salamet,
Cageur,
Bageur tur Bener,
Mulus lalakon jasadna,
Rahayu lalakon gawéna,
Berkah ku nilikna,
Salamet lalakon juangna,
Cageur Awakna,
Bageur Kalakuanana.
Tur, Bener Élmuna.

Dina Papakon diluhur, tinangtu anu utamana, geusan ngawasakeun jasad sadiri, salaku kawasa Gusti anu maha Tunggal, sa muduna di jaga di jaring, dina ujaring talatah luluhur anu di sebut "**Dasa Kerta**.

Dasa kerta "Pamali"

1. Ceuli ulah rék ngadéngé, anu lain déngéeunnana. Sabab bakal jadi mamala.
2. Panon ulah sa ténjo-ténjona , lamun anu teu pantes ténjoeunana.
3. Kulit ulahnepi ka samara rasa samar polah, alatan karo béda ku pangaruk panas jeung tiisna.
4. Létah ulah salah dina mi guna rasa jeung ngarasakeunana.
5. Irung ulah sa ambeu-ambeuna mun lain ambeukeuneunnana.
6. Sungut ulah rék sambarangan ucap lamun lain ucapeunnana.

7. Leungeun ulah sa cokot-cokotna,lamun lain cokoteunnana.
8. Suku ulah dapon ngaléngkah lamun lai tincakeunnana.
9. Tumbung ulah dipaké nu lain muduna, utamana dina dina harti hubungan badan.
10. Baga purusa ulah dipaké nyacapkeun silih pika asih, jeung nu lain hakna.

Dasa Prabakti. Tatakrama.

Nata dina bagbagan anu dipaké pikeun hirup kumbuh jeung papada, dumasar dina ayana Tatakrama, anu jadi salahsa hiji cara jeung ciri anu mudu kapibanda ku manusa Sunda saperti :

1. Budak Tumut ka Indung Bapa.
2. Pamajikan satia tuhu ka salaki, salaki satia tuhu ka pamajikan.
3. Siswa Tuhu ka guruna.
4. Patani tuhu ka Wado.
5. Wado tuhu ka Mantri jeung sajabana.

Dumasar kana ayana Undak usuk dina susunan kulawarga atawa dina pataréma pancén pikeun nyumponan harti tunduk atawa tumut anu jadi pa Tuhuan, kana tangtuan hokum jahirupan salaku manusa tunduk ka Hyang (nu maha kersa).

Dasa Prasanta :

Nya éta sapuluh cara pikeun panggih jeung katingtriman haté, anu kudu dipilampah. Ku singsaha anu keur ngalaju ning laku dina pahirupanana, saperti:

1. Guna (wijaksana).

2. Rama (ramah).
3. Hook (deudeuh).
4. Pésok (kataji).
5. Asih (héman).
6. Karunya (mikawelas).
7. Mukpruk (muji).
8. Ngulas (niténan hasil gawé).
9. Nyecep (ningtriman haté).
10. Ngala angen (ngagumbirakeun).

Tegesna dadaran anu diluhur, mangrupakeun anu katimu, ku manusa Sunda, dina ngolah tapak dasar hirup anu sategesna geusan nyubadanan tujuan ngamulyakeun ka sampurnaan hirup, di dasaran ku budi basa anu merenah katarima ku anu lian , matarémakeun rasa kasugemaan keur haté nu lian

Jembarna Manusa, nyaéta. Anu bisa méré kasugemaan, ka genahan ka na haté papadana:
Nulung ka anu keur butuh.
Nalang ka anu keur susah.
Nganteur ka anu keur keueung.
Nyaangan ka anu keur poékeun.

Pari geuing au nyangking dina eusining Dasa Prasanta, teges némbongkeun atawa nyicirénkeun kaluhungannana jeung kalantipan budi manusa Sunda bihari, dina nata ngawangun ka sajatian ules watek budi daya dina sagala widang saperti :

1. Nata ngawangun Rasa jeung rumasa. (kaTuhanan).
2. Nata ngawangun Jiwa (kapribadian, kaManusaan).
3. Nata ngawangun Pribadi. (kaBangsaan).

4. Nata ngawangun Prilaku (kaRohhayatan).
5. Nata ngawangun Nagari (kaAdilan).

Pikeun kapengkuhan nyicipta ka tingtriman, rahayat jeung somah dina ngawujudkeun lalaku dina sipat' "Silih asih, silih asah, silih asuh, keur wawangi nagri. Geusan ngajembarkeun rahayat ku kaadilan, ngamerdika keun Bangsa tur Nagarana.